

DEKLARASYON SOU RÈGLEMAN DEPATMAN EDIKASYON

I. ASISTANS SIPLEMANTÈ

Dokiman siplemantè en (1) ke yo mete ansanm ak avi sa a, se yon lis jeneral ki gen ladann plizyè ajans ak òganizasyon ke paran/elèv yo ka kontakte defason pou yo jwenn asistans gratis oubyen bon mache konsènan kesyon ki gen pou wè ak dwa elèv yo.

II. SÈVIS DEFANS KÒZ AK SÈVIS LEGAL

Ou ka byen jwenn sèvis legal oubyen sèvis defans kòz gratis osnon a bon mache. Dokiman siplemantè de (2) ke yo mete ansanm ak avi sa a, se yon lis jeneral ki gen ladann plizyè biwo oubyen plizyè ajans ki disponib pou rezon sila.

III. DESKRIPSYON DWA YO

Enfòmasyon swivan yo se yon rezime dwa ki gen pou wè ak idantifikasyon, evalyasyon ak plasman moun nan lekòl piblik yo ke yo rekonèt ki gen yon andikap. Nou gen lentansyon pou nou mete w okouran tout desizyon ki konsène pitit ou a ak dwa ou genyen yo nan ka ou pa ta dakò ak yon desizyon kèlkonk yo ta pran konsènan pitit ou a.

Pitit ou a gen dwa pou l resevwa yon edikasyon piblik apwopri epi gratis. Sa kapab inkli dwa ou menm oubyen pitit ou a genyen pou:

- (a) fè pitit ou resevwa yon edikasyon ak lòt timoun ki pa gen okenn andikap, toutotan ke li posib;
- (b) fè pitit ou a resevwa yon edikasyon nan yon kote ki ekipe epi resevwa menm sèvis ak sa yo bay elèv ki pa gen okenn andikap;
- (c) mete anplas tout enstalasyon apwopri defason pou pèmèt pitit ou a jwenn opòtinite egale pou l patisipe nan lekòl la, ansanm ak nan pwogram ak aktivite k ap fèt nan lekòl la;
- (d) mwayen transpò ki konvnan ale retou nan nenpòt ki pwogram ki pa sou kontwòl lekòl piblik Vil Nouyòk, men ke lekòl piblik yo plase pitit ou a, epi pou w pa peye plis lajan pase si pitit ou a te plase nan yon pwogram lekòl piblik;
- (e) si l nesèsè, plase pitit ou a nan yon pwogram rezidansyèl ak saldeklas pou ansèyman, kote pou l dòmi ak swen medikal ki pap koute w anyen;
- (f) genyen yon opòtinite egal pou l patisipe nan aktivite ki pa akademik e ki andeyò aktivite eskolè ke lekòl piblik yo ofri;
- (g) yo avize w konsènan idantifikasyon, evalyasyon ak plasman timoun lan;
- (h) yon evalyasyon pou plase timoun lan nan yon pwogram edikasyon piblik ki gratis e ki konvnan, e se atravè tès yo ansanm ak lòt materyèl evalyasyon ke yo (1) apwouve pou rezon byen presi ke yo ize yo, (2) pèmèt anlwaye ak fòmasyon nan domèn yo bay tès sa yo, epi (3) adapte yo komkwa pou yo evalye yon seri de domèn byen defini sou bezwen edikasyonèl pitit ou a, defason pou rezilta l yo demoutre ak presizyon, aptitud oubyen nivo pèfòmans pitit ou a.

-Swit-

- (i) ke ou bay nenpòt ki enfòmasyon sou evalyasyon ou ta genyen sou pitit ou a pou yo ta konsidere yo nan pwosede evalyasyon k ap fèt la;
- (j) fè moun ki konnen fè sou pitit ou a, dat evalyasyon ak chwa plasman yo, entèprete desizyon sou evalyasyon ak plasman yo fè yo ak anpil atansyon, dapre plizyè sous e dapre plizyè enfòmasyon;
- (k) egzamine tout dosye aplikab ki gen pou wè ak idantifikasyon, evalyasyon, plasman pitit ou a, epi fè yo ba w fotokopi tout dokiman sa yo a yon pri rezonab, amwenske frè yo mande a ta vreman anpeche w jwenn dosye sa yo;
- (l) mande pou yo amande dosye edikasyon pitit ou a si w gen yon rezon valab ki ta fè w kwè ke enfòmasyon yo pa kòrèk, pa laverite oubyen si yo ta vyole dwa konfidansyalite pitit ou a;
- (m) mande pou yo ba w yon odyans san patipri konsènan nenpòt ki desizyon oubyen nenpòt ki aksyon lekòl piblik yo ta pran konsènan idantifikasyon, evalyasyon, pwogram edikasyon oubyen plasman pitit ou a. Ou fèt pou mande yon odyans san patipri pa ekri nan :

Office of Impartial Hearings
131 Livingston Street, Room 201
Brooklyn, NY 11201

(Byenke ou fèt pou ekri yon lèt pou fè demann lan, si w ta gen kesyon sou kijan pou w ekri lèt demann lan, ou ka rele Biwo Odyans San Patipri (Office of Impartial Hearings) nan nimewo (718) 935-3280);

- (n) mande pou yo rekonsidere (apèl) nenpòt ki desizyon defavorab yo te pran nan yon odyans san patipri;
- (o) kòmanse fè plent, medyasyon, odyans san patipri ak apèl yo;
- (p) mande yon evalyasyon ak revizyon sou plasman elèv la anvan nenpòt chanjman enpòtan fèt nan plasman an (ansanm ak sispansyon ki dire plis pase di jou); epi,
- (q) nankakontrè, pou l patisipe nan pwogram edikasyonèl regilye yo, epi pou l resevwa tout aranjman oubyen/ak tout èd selon jan atik 504 Lwa pou Andikape (Disabilities Act) mande l, menm jan ak plizyè lòt lwa federal, lwa leta ak lwa vil la.

Yo kapab bay paran ki gen andikap kèk aranjman rezonab konsènan pwòp patisipasyon yo nan aktivite lekòl piblik yo ki gen pou wè ak edikasyon pitit yo (kit pitit yo gen yon andikap kit pitit yo pa genyen l).